

Kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo, tout moun nan Etazini gen dwa ki garanti anba Konstitisyon an. Gid sa a gen pou objektif enfòmasyon moun ki pa sitwayen ameriken sou dwa legal yo nan divès sitiyaasyon avèk lapolis ak ofisye imigrasyon yo.

Gen [lwa ki ka varye nan](#) kèk Eta. Gen règ separe ki aplike nan [pòs kontwòl yo](#) ak lè w ap antre Etazini nan pò antre yo, tankou nan fwontyè ak ayewopò yo.

Enfòmasyon sa a se pou rezon edikatif epi li pa ta dwe itilize kòm yon ranplasman pou asistans legal. Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans legal, tanpri kontakte yon avoka.

SI YON OFISYE LAPOLIS OSWA IMIGRASYON ARETE W NAN MACHIN OU

NAN TOUT PWEN ARÈ YO:

- Lapolis ak ofisye imigrasyon yo ap mande w pou w kanpe, yo pral sèvi ak limyè ki flache epi limen sirèn lapolis. Si sa rive, limen limyè ijans yo, ralanti, epi kanpe sou bò wout la pi vit ke posib. Se sèlman nan zòn piblik ki byen eklere e ki an sekirite ou dwe kanpe.
- Etenn motè a, limen limyè anndan an, louvri fenèt la mwaye epi mete men ou sou volan an.
- Chofè yo ak pasaje yo gen dwa pou yo pa pale. Si ou se yon pasaje, ou ka mande si ou lib pou ale. Si ofisye a di wi, ale avèk trankilite.

SI LAPOLIS ARETE W:

- Si lapolis mande non w ak lisans ou, fòk ou bay enfòmasyon sa yo.
- Mande yo, "Poukisa ou kanpe m?" Ou kapab mande tou, "Èske mwen lib pou m ale?" Si wi, monte vit ou dousman epi kondui ale trankilman.
- Lè lapolis kanpe w pou yon vyolasyon trafik, yo ka mande w lisans chofè w, plak machin ou, ak prèv asirans ou. Si ou gen dokiman sa yo, ou dwe montre yo.
- Si lapolis mande lisans ou, papye machin ou, ak prèv asirans ou, ou dwe montre dokiman sa yo.
- Pa reponn kesyon sou okenn lòt bagay, tankou sitiyaasyon imigrasyon ouwa orijin ou. Di, "Mwen pa vle reponn kesyon ou yo."
- Lapolis, men pa ofisye imigrasyon yo, gen dwa fouye yon machin si yo gen rezon pou kwè gen yon bagay ilegal ladan l. Pa reziste.
- Lapolis ka bay ou menm ak pasaje ou yo lòd pou soti nan machin nan pou sekirite yo. Obeyi avèk kalm si yo mande w sa.



SI YON OFISYE IMIGRASYON KANPE W:

- Si yon ofisye imigrasyon kanpe w, ou pa oblije idantifye pèsoun nan machin lan eksepte chofè a. Si ofisye yo mande w kiyès ki avèk ou, ou ka reponn: "Se pasaje m yo ye."
- Yon ofisye imigrasyon ka bay ou menm ak pasaje ou yo lòd pou soti nan machin nan pou sekirite yo. Obeyi avèk kalm si yo mande w sa.
- Si yon ofisye imigrasyon vle fouye machin ou, yo ka sèlman fè sa avèk yon manda fouy valab ki siyen pa yon jij eta oswa federal (pa yon jij imigrasyon).
- Yon ofisye imigrasyon ka pran anprent dwèt ou si yo kwè ou vyole yon lwa imigrasyon.